No. 18. 31 Mei 1929 Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
D. M. HARDJASOEWANDA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA
sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar:
½ „ . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:
XAVERIUS - COLLEGE
MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Tresna dateng tanah woetah rah — Sepisan engkas — Handelskennis — Comptabiliteits Onderwijs — Catechist — Sad. Bratasoehardja — Klentreng — Film Indonesia — Kraos ing manah — Nalar njoewoen mindak, raos radi soeda — Ontjèn — Oerapsari — Panoentoening laré — Correspondentie.

## PRADJA RAHAJOE.

**Tresna dateng tanah woetah rah, kados-poendi sampoernanipoen.**

Poenapa ta tanah woetah rah poenika?

Poenika papan panggénan, - padamelan, kasenengan lan koeboeranipoen leloehoering bangsa. Oegi papan, kalahiranipoen bangsa.

Kanggé koela tijang Djawi, inggih tanah Djawi, tanah woetah rah koela.

Sedaja wewatekan, lan memanahan kita poenika, kabekta saking tanah woetah rah kita.

Sapoenika raos katresnan dateng tanah woetah rah poenika, kasimpen tijang satoenggal, loemèbèripoen dateng tijang majoeta-joeta ingkang ngenggèni tanah ngrikoe. Dados genah menawi tijang-tijang toenggil tanah - woetah rah sami nggadahi tresna dateng tanahipoen. Tijang-tijang poenika ngwontenaken bangsa (natie).

Bangsa (natie) dados poesering tanah woetah rah, njakoep sedaja tijang ingkang sami basanipoen, wewatekan- lan babadipoen. Margi saking poenika ladjeng wonten bangsa (natie) warni-warni.

Tijang poenika kedah tresna dateng sasamining ngagesang (bangsa), menawi badé djoemeneng oetami. Namoeng sapoenika menawi wonten tijang ingkang langkoeng tresna dateng bangsa- lan tanah woetahrahipoen tinimbang kalijan dateng bangsa sanès, poenika nama limrah (natuurlijk), kabekta toenggil basa, raos, adat - tata-tjara lan babadipoen.

Mitoeroet babad wiwit kina mila, katresnan dateng tanah woetah rah poenika saben bangsa temtoe gadah, lan oegi sanget, ngantos asring dados perang, boten ngétang katahing pepedjah lan loentaking roedira. Poenika dados tanda, mligi badé ngatingalaken goenging tresna dateng tanah woetah rah, menawi wonten sanès bangsa ingkang moerang tata, boten lingsem, badé ngedjogi tanah woetah rahipoen. Kados déné babadipoen bangsa Banisraël, Gedeon, Samson, Judith, ngantos doemoegi babadipoen sadèrèk Machabee, poenika sadaja dados tanda boekti, genging katresnaning bangsa dateng tanah woetah rah.

Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII ngandika: „Tresna marang tanah woetah rah ikoe aran wadjib Christen (Christelijke plicht)." Sadaja kawontenan menawi langkah wates, temtoe dados awon. Dados poenapa kémawon ingkang goemelar wonten alam donja, kedah kapendet samadyanipoen. Semanten oegi tresna dateng tanah woetah rah; poenika menawi kesangeten, ladjeng dados „Overdreven Nationalisme." Poenika tresna dateng tanah woetah rah, ingkang ladjeng boten ngèngeti katresnanipoen dateng sanès bangsanipoen, ingkang èstoenipoen inggih kedah dipoentresnani.

Ingkang dados toeking panalangsan- lan kasangsaraning bangsa poenika wonten 3 bab — i. p. 1e. kasenenganing daging (de begeerlijkheid des vleesches) - 2e. kasenenganing mripat (de begeerlijkheid der oogen) lan 3e. oemoeking ngagesang (de hoovaardij des levens).

Prakawis 3 bab poenika ingkang dados oenderan, ndjalari kita mawang dateng bangsa sanès dédé sadèrèk, nanging rinengkoeh kados mengsah. Ingkang mekaten poenika menawi keladjeng Pradja inggih kaanggep mengsah. Pradja dados bibrah wah malih poesa, woesana bangsa, ingkang dipoenimpi-impi rinten daloe oegi namoeng badé ngerèhaken sasamining bangsa, ngetok ing karosan, mboedjeng loehoering dradjat kadonjan.

Santo Bapa ngandika malih: „Ija prakara 3 bab iki kang sok koedoengan, dadi ora ngedèng, moerih tjongkrahé bangsa-sidji lan sidjiné; ndjalari roesaking pradja, tata hardja, wah manèh kertané pradja sirna laroet tanpa lari.

Manawa katresnan marang tanah woetah rah, lan bangsané déwé, katindakaké laras karo pranatan Katholiek bisa sampoerna, bisa mitoeloengi doemadiné kaoetaman lan kagoenan. Bangsa kang ora ngèlingi pranatan Katholiek, gampang laliné, jèn sakabèhing bangsa amoedjoedi maatschappij. Mangka tresna marang woetah rah rak koedoe adedasar rasa sadoeloeran, lan koedoe ngélingi sakabèhing bangsa doewé chak doemadi oetawa madeg (recht van bestaan).

Pradja koedoe ngoedi moerih tata rahardjané déwé, kanti ngambah dalan oetama. Saiki brajat, koeta oetawa Pradja kang madjoené oetawa rahardjané, sarana gawé toenané sapadaning ngaoerip, sanadjan katoné betjik, ikoe ala toendoné, bisa ndjalari kanalangsan gedé."

Ing ngriki koela badé ngoedal pranatan Katholiek, babagan tresna dateng tanah woetah rah, ingkang saged meperaken raos nationalisme, soepados saged sampoerna.

1. Kados déné Goesti Allah sampoen nitahaken sadaja poenika, lan Pandjenenganipoen dados pelenganing sadaja gesang, mila sampoen lajakipoen menawi sadaja bangsa angéstokaken dawoehipoen.

2. Sadaja tijang sedèrèk, djer sadaja toeroenipoen Bapa Adam lan Iboe Kawa; lan sedèrèk ing ngarsanipoen Goesti Jésoes.

3. Sedaja tijang kadawoehan ngoedi kamoeljanipoen langgeng pijambak-pijambak.

4. Kawontenan tigang warni ing nginggil poenika, madjibaken dateng sadaja tijang kedah *adil* lan *tresna* dateng sasamining ngagesang.

5. Koewadjiban poenika ageng, menawi 1e. raos *toenggil asal,* 2e. *sedaja sampoen kateboes Goesti Jésoes,* lan 3e. *sedaja kedah ngoedi kamoeljan langgeng,* wonten sedaja. Sarana ngoedi ingkang kantoen pijambak poenika kedah ndèrèk dawoehipoen Pas. Soetji.

6. Pas. Soetji kanggé sadaja tijang, dados èstoenipoen boten wonten titah ingkang kénging ngalang-alangi tradjangipoen Pas. Soetji.

7. Ing babagan rohani, oetawi rohani tjampoer djasmani pangoewaosing Pradja kedah kakawonaken kalijan pangoewaosing Pas. Soetji, djer Pas. S. poenika pangoewaos Dalem katingal.

8. Rèhning Pradja, kedah mangèsti dateng kaloehoeraning Pangéran, tata - tentrem, wah malih karta rahardjanipoen, loemèbèr dateng kawoela alit, mila Pas. Soetji, inggih saged njamboet-damel sesarengan, mahanani tetangsoel kanggé sedaja bangsa (internationale band) ingkang sami nggadahi koewadjiban sami kalijan koewadjibaning tijang setoenggal lan satoenggalipoen. Mekaten oegi bangsa boten koewaos, sanadjan leres, njirnakaken sanès bangsa, oetawi ngalang-alangi pangoewaosing koewadjibanipoen, nanging bangsa kénging menawi perloe, meksa dateng bangsa sanès, kapoerih ngaosi poenapa ingkang leres, lan merangi poenapa ingkang awon.

9. Kados déné tijang limrah, koewadjiban ndjagi dateng kawiloedjenganipoen pijambak; semanten oegi Pradja, inggih kedah ndjagi tata rahardja wah malih kertanipoen, wadjib nanggoelang satroe-sekti, ingkang moerang tata.

10. Bangsa kedah noehoni dateng pepatjak-pepatjaking tetangsoel kanggé sadaja bangsa, adat ingkang sampoen kawastanan volkenrecht.

11. Perang sanadjan adil, kaéwokaken kasangsaraning djagad, lan kedah, kanti pitoeloenganipoen Goesti, katjegah, kados déné pest lan patjeklik.

Mekaten dedasar ingkang dipoenlenggahi Pas. S. soepados tresna dateng tanah woetah rah saged sampoerna, boten ladjeng nlèntjèng saking sakawit, malih salin salaga dados „Overdreven Nationalisme (Kabangsan Kladoek)."

Noewoen.
koela
*J. O. J. Wardhana.*

### Sapisan engkas!

*Prekawis Priesterfond.*

Ingriki koela boten badé mangsoeli, nerangaken ginanipoen Priesterfond malih, kados *para maos* oetawi kadang Katholiek oegi sampoen moedeng sadaja. Kados sampoen tjekap lan koela jakin sanget sadaja ingkang sampoen mireng, tamtoe ladjeng badé toemoet mlebet dados warganing fond kasebat. Ingkang badé koela atoeraken ingriki inggih poenika: Rèhning fond waoe dèrèng madeg, sagedipoen *énggal madeg* lan sagedipoen *lestantoen saé.*

Sagedipoen énggal madeg poenika kedah wonten warga ingkang njekapi. Sagedipoen angsal warga ingkang njekapi kedah wonten propaganda. Propagandist oegi sampoen wonten, bokmanawi ing woelan Juni poenika mangsanipoen prei saged merlokaken propaganda dateng poendi-poendi. Kados ingkang sampoen toemindak propaganda katingal saé, lan katah wohipoen. Mangga kaladjengna kémawon kanti tlatos! Kedjawi propaganda kados ingkang sampoen toemindak poenika (wonten kempalan), wonten malih satoenggiling propaganda ingkang saé sanget toer badé ageng wohipoen, sok oegi para prijantoen sami kersa njalirani inggih poenika: individueele propaganda, tegesipoen propaganda dateng tijang satoenggal-satoenggal. Lah, propagandist - ipoen? Inggih kita sadaja ingkang sampoen tjondong lan nedya mbijantoe dateng Priesterfond. Inggih leres katingalipoen kiklik, nanging jèn sampoen dipoentandangi sekétja kémawon, toer toemandoekipoen dateng manah langkoeng toemanem, langkoeng sreg, langkoeng mantep. Sarta oegi saged gesang, wasana toewoeh sedyanipoen badé nggèndèng-gèndèng sadèrèk lan tepanganipoen ingkang dèrèng tepang kalijan Priesterfond. Lan oegi ngandelaken kasetyanipoen dateng Priesterfond waoe. Kados sampoen tjeta sanget agenging pigoenanipoen individueele propaganda poenika! Mila mangga sami dipoentandangi saèstoe, sesarengan! Ingkang gadah andahan koela atoeri mropagandani andahanipoen, ingkang soegih tepangan mropagandani tepanganipoen, goeroe mropagandani moerid lan kantjanipoen goeroe oegi. Mangga sadaja sami toemandang sampoen irèn, moerih sageda kelampahan énggal madeg! Lan sadaja kémawon ingkang sampoen mireng prekawis poenika, ladjeng énggal mlebet, lan neda serat kasagahan, teroes dipoenisèni, ladjeng kawangsoelaken malih, sampoen dipoenrendé-rendé! Sadaja poenika namoeng moerih rantjagipoen.

*Moerih saged widada,* lah poenika sadjatosipoen langkoeng angèl, langkoeng gawat. Leres sanget pariwara ing Sw. T. ingkang moengel: *Widadaning Priesterfond nedahaken bilih kita mangertos dateng wadjib lan sesanggèn kita!* P.F. mila kénging kanggé nglèlèr lan nètèr kadigdajan kita tijang Katholiek! Éman sanget jèn P. F. boten saged lestantoen. Mila kita ing sadèrèngipoen kedah gadah kaantepan (standpund). **Priesterfond koedoe madeg** lan **Koedoe lestari soeboer.** Lah sranipoen kados-poendi? Mekaten para sedèrèk:

Prekawis madegipoen sampoen koela atoeraken ing nginggil. Sapoenika moerih lestantoenipoen poenika: 1e. *Kita kedah éklas kétjalan* oeroenan 1%-ning pamedal ing sawoelanipoen. Sampoen nganggé nggrendet sakedik-kedika. Sampoen manah katahing arta, oetawi rekaosipoen, nanging namoeng mligi meleng ningali agenging paédahipoen. 2e. *Kita kedah kentjeng poeroen ambajar* kasamèkna gadah samboetan. Oweling manah kedah kawon kalijan weninging boedi lan kajakinan. Mila sanadjan noenggak kedah poeroen ambajar. Poenika kaanggepa wadjib. Jèn kita sampoen roemaos gadah koewadjiban, tamtoe boten badé owel. 3e. *Kedah dipoentandangi saèstoe* (werkelijk met daad) — boten tjekap kèndel ing ginem kémawon, kedah dipoennjatani. 4e. *Boten djelèhan.* Kita boten kénging bosenan, demen njar, kedah teroes kerdja. Sampoen ngantos wonten ingkang gadah panginten, jèn sampoen loemampah setaoen, kalih taoen, sedasa taoen sampoen tjekap, ladjeng kèndel! Kita kedah teroes njamboetdamel ngantos sasirnaning djagad. Koela sampoen pedjah, inggih anak poetoe koela ingkang kedah neroesaken! S a d a j a p a n d a m e l a n p o e n i k a n a m o e n g m a n d e g s a t o e g e l ! ! !

Prakawis poenika pantjèn koela djarag, koela pandjang - pandjangaken. Awit antjasing manah koela: rerembagan poenika aloewoeng kepaiten tinimbang namoeng njawang leginipoen kémawon, mindak ing tembé wingkingipoen wonten ingkang anggrendèl.

Prakawis oebed-ingering arta, koela ing wekdal poenika dèrèng saged oedoe rembag. Pangapoenten embèn wingking jèn kepareng saged moedoni?!

Madjoe, madjoe, ajo madjoe!!!

Widadaa Priesterfond!!! Soeboera Priesterfond.

Noewoen
*Ki Demang Patangpoeloehan.*

### Handelskennis.

Sampoen lami sadèrèk Woekir-Sari boten ngedali. Saweg gerah poenapa dimas? Soemangga ta koela atoeri ngaso roemijin, kadjengipoen rakanta anggentosi. Nanging namoeng sawatawis, toer ingkang preloe² kémawon.

Manawi boten klintoe, adimas Woekir-Sari sampoen ngrembag bab: Check, Wissel. Ing ngriki koela badé mangsoeli bab: „Wissel." Poenapa ta wissel poenika? O, poenika pirantos kanggé mbajar samboetan, kados ingkang sampoen katerangaken bambang W. S. Nanging oegi kénging kawastanan: „Pirantos kanggé nagih samboetan."

Terangipoen makaten.

Soedagar Amir Médan njamboet jatra (dagangan) f 3000 dateng soedagar Bakri ing Soerabaja; sampoen lami boten njaoer². Soedagar Bakri roemaos kesoeh ing manah, teroes njandak boekoe wissel tjek......, njoewèk salembar, rekètèèèèk, noenten dipoenserati, oerek-oerek-oerek!

Ha sapoenika sampoen dados. Makaten:

f 3000 Soerabaja 6 Mei 1929.
Op zicht gelieve U te betalen aan de N. I. E. Mij of order de som van.
**Drie duizend gulden.**
Waarde in rekening.
Den Heer Amir
Medan. Bakri.

Sasampoenipoen poenika, ...... sampoen rampoeng? Dèrèng, kedah neda pitoeloengan dateng N. I. Esc, mangké Mij. Esc. ingkang nglantaraken. Déné toewan Bakri kantoen léha² sinambi ses ngletjis kalijan omong-omongan.

Kotjapa toewan Amir satampining wissel waoe, waaah....., nabraknabrak pados oejahan, djalaran kepeksa damel tanda tangan toewin titi - mangsa pandamelaning tanda tangan, poenapa déné njerat: „geaccepteerd" (kawaos geaksepteert) ing wissel waoe (tanda manawi mbajar). Amargi ngèngeti tetemboengan ingkang sinerat ing Wissel: „Op zicht." tegesipoen kedah kabajar: „Salebetipoen tigang dinten." (É, manawi boten klintoe ding). Wah, rekaos sanget inggih sadèrèk mijnheer Amir poenika?! Pantji makaten. Inggih poeloeh², sampoen dados wadjibipoen poen *betrokkene* (tijang ingkan gmbajar) kados-poendi malih. Kosok - wangsoelipoen ingkang djoemeneng *trekker* (ingkang nagih), tengoek² nemoe genoek bebasanipoen. (Jak anèh, genah tampa doewité déwé kok; toer wis diréwangi ngampet hawa.........).

Sapoenika poenapa pedamelanipoen *houder* (N. I. Esc. Mij.)? Ngintoenaken wissel enz. saking trekker dateng betrokkene? Inggih, leres! Kadjawi poenika? Ngèngeti temboeng: „of order" (zie gambar). Esc. wenang mindah hakipoen soedagar Bakri dateng tijang sanès (saking pakènipoen B), sarwi njerat ing sawaliking wissel waoe:

Voor ons aan (?) of order
Waarde ontvangen
Medan 10 Mei 1929. N. I. E.

Lelampahan mindah hak makaten poenika dipoenwastani: *„endossement"* N. I. E. (ingkang mindah), namanipoen: *„endossant"* déné (?): geëndosseerde". Nitik temboeng ing nginggil (of order) para maos boten badé kekilapan, bilih (?) saged mindah milikipoen dateng tijang sanès malih; makaten saladjengipoen. (Éé, rak makaten ta kamas Patjar-mérah?)

Karangan tjinoegag semanten, béndjing ngrembag bab: Girobank, lan pangiriman (expeditie).

Taklim koela,
Djamboe-Mérah.

### Comptabiliteits Onderwijs.

Wiwit 1 Juli taoen poenika Kangdjeng Goepermèn jasa cursus énggal ingkang dipoenwastani „Comptabiliteits en Belastingcursus" Vastgesteld bij onderwijs vastgesteld bij Gouvernements besluit ddo. 27 Januari 1929 no. 9. Regeling comptabiliteits onderwijs vastgesteld bijbesluit van den Directeur van Financien ddo. 2. Februari 1929 no. GT. 15-1-11. Ing ngandap ngriki koela metik ingkang perloe-perloe.

Pantjènipoen poenika sanès cursus énggal, nanging cursus comptabiliteit ingkang sampoen wonten poenika dipoenpérang kanggé richting Belastingen lan richting Staatsfinancien lan Comptabiliteit. Cursus badénipoen manggèn wonten ing Weltevreden, Semarang, Soerabaia. Cursus ingkang wonten Bandoeng dipoenlih dateng Weltevreden, kedjawi klas 2. Ingkang gadah diploma cursus prenatan lami (nog niet gesplitst) klebet B.B.L. Schaal. B. 15. wiwit f 130,— max. f 700,—. Ingkang angsal diploma mitoeroet prenatan énggal B. 11. f 100,— t/m. f 800.

Cursus richting belastingen ingkang klilan nglebeti namoeng para poenggawa kantor belasting ingkang gadah diploma Mulo. Ingkang gadah diploma C & B. Cursus waoe saged kabenoem wonten sLandskas, Departement oetawi Gouverneurskant. afd. compt: Generale Thesaurie, Algemeene Rekenkamer, vendukantoor, Belastingkantoor. Dangoenipoen anggènipoen sinaoe kalih taoen. Cursus Semarang namoeng mligi kanggé richting Staatsfinancien en Comptabiliteit. Weltevreden lan Soerabaia richting kalih, Compt: lan Bel: Saben taoen dipoensedijani (gereserveerd) kalih panggènan kanggé Zelfbestuursambtenaar Djokja lan Solo wiwitipoen sekolah tanggal 1 Juli kanggé Semarang lan Betawi, tanggal 16 Juni kanggé Soerabaia. Cursus namoeng nampi moerid ingkang dèrèng oemoer 25 taoen, gadah diploma Mulo oetawi daarmede gelijkgesteld (kweeksch). lan bidjinipoen kanggé basa Walandi (Nederlandsch) apes kedah 6. Poenggawa Financien ingkang boten gadah diploma oetawi kesepoehen saged angsal dispensatie. Poenggawa kantor sanès ingkang boten kebawah

Dept. van Fin. ingkang badé nglebeti cursus waoe kedah njoewoen idin Chefipoen. Vrouwelijke candidaten oetawi ingkang gadah diploma sak nginggilipoen Mulo diploma boten dipoentampi. Sinten ingkang badé dados moerid, sak lebetipoen woelan Juni kedah matoer dateng Secretaris commissie van toezicht op de cursus voor de opleiding van personeel ten behoeve van sLands Algemeene Financieel en Administratief beheer, p. a. INSPECTIE VAN FINANCIEN te.....

Bajaran sekolah f3,— sewoelan. Poenggawa Financien boten bajar lestgeld (graties). Boekoe-boekoe bajar pijambak. Ingkang dipoenwoetjalaken inggih poenika, Nederlandsch, Handelswetenschappen, Staatsinrichting, Algemeene Rechtsbeginselen, Staatsfinancien en Comptabiliteit, Belastingwetgeving lan Staatshuishoudkunde.

Mangga para kadang Katholiek, sami nglebeti cursus. Jèn béndjing blandja ageng anggènipoen bijantoe Priesterfonds inggih saged katah.

Semarang 25 Mei 1929.

LANDSDIENAAR.

### Catechist.

Menggah temboeng catechist poenika saking temboeng Griek „katechizomai", djawinipoen moelang agami; dadosipoen moengel „Catechist" karimbag manoet patokan parama sastra Walandi, ateges toekang moelang agami. Déné rimbagipoen kawastanan: bawa: ma toenda, poenapa bawawatjaka, poenapa linggaandahan, koela njoemanggakaken.

Sapoenika poenapa padamelanipoen catechist?

Pakarjanipoen catechist ambantoe padamelanipoen para Rama Pastoor, dados inggih angèn, inggih mentjaraken pangandika Dalem G. Allah, ing sagadoekipoen.

Sinten ingkang dipoendawoehi Goesti Jésoes, soepados mentjaraken pangandika Dalem?

Pantjènipoen para Rasoel toewin ingkang anggentosi. Nanging loegoenipoen dawoeh Dalem poenika waoe toemrap koela sadaja, ingkang sampoen dados warganing Pasamoean Soetji. Awit tjatjahing para Rama gegentosing para Rasoel, namoeng sapinten; manawi katanding kalijan tijang sadaja saloemahing djagad.

Nalika djaman soegeng Dalem Sri Jésoes poenika namoeng jasa toegoe kalih welas idji, mangka ingkang satoenggal remoek babar pisan i.p. Joedas. Pramila kantoen sawelas idji *ingkang kedah mentjaraken pangandika Dalem ing sadjagad*. Sabab saking pangandika Dalem Sri Jésoes pijambak „Akoe bakal noenggal sira nganti tekan poengkasaning djagad", poenapa malih saking pandjangkoenging Hjang Roh Soetji, tetijang sewelas waoe sami angsal sih paring Dalem pepadang, saja dangoe saja mindak tjatjahing Katholiek (warganing Pasamoean Soetji); malah nalika Hjang Roh Soetji nedaki Dèwi Maria toewin para Rasoel, ing ngrikoe dadakan wonten tijang mertobat lan noenten kabaptis ± tijang tigang èwoe.

Wiwit poenika P. S. katingal katah moeridipoen, poenapa malih ladjeng klajan gampil soemebaripoen ing poendi-poendi panggénan. Wondéné sapoenika malah sampoen waradin ing saloemahing djagad. Kinten-kinten tijang katholiek ing sadonja, manoet Minggoe sembahjangan 18 - 25 Djanoewari; wonten 320.000.000 djiwa. Déné ingkang dèrèng mambet agami babar pisan wonten 899.000.000 djiwa.

Sapoenika koela atoeri ngèngeti tanah kita Djawi, wonten pinten tjatjah djiwanipoen? ± 40.000.000.

Semanten poenika pinten ingkang sampoen ngrasoek katholiek? Vic. Apost. Batv. 10120 tijang Djawi. Apost. Pr. Malang 500 tijang Djawi. (Missie almenak 1929). goenggoeng 10620. Wah teka sekedik sanget inggih! Mesakaken sanget déné dèrèng wonten sapra éwonipoen.

Kados - poendi rékanipoen, soepados saja gampil mindakipoen?

Swara Tama ingkang kapengker poenika ngewrat bab Rama Pastoor bangsa priboemi, katerangaken bilih langkoeng oetami katimbang Rama Pastoor bangsa asing (mantja).

Mila inggih tjotjog sanget kalijan pemanggih koela; saja malih manawi katambahan ingkang ambantoe i.p. bangsa Djawi. Ingkang koela kadjengaken poenika *„Catechist priboemi"*.

Saking raos koela bab poenika boten kénging kapisah oetawi boten kénging gotang.

Koela atoeri ngèngeti Vic. Apt. ing Kleine Soenda eilanden (Pasoendan Alit), kapétang para Rama Pastoor ingkang wonten ing ngrikoe inggih boten katah sanget, éwasemanten Inl. katholieken, manoet missie almenak 1929 wonten 133567 djiwa. Poenika margi saking poenapa?[1])

Saking pamireng koela margi saking katahing para katechisten, ingkang dados baoe tengenipoen para Rama ing ngrikoe, pramila inggih gampil soemebaripoen.

Sapoenika koela atoeri menggalih tjatjahing katechist ing tanah Djawi poenika pinten? Poenapa wonten 50 idji?[2])

Bokmanawi sepalihipoen kémawon kirang, pramila inggih radi kantoen katimbang Vicariaat ing tanah Pasoendan Alit. Kaleresanipoen ing ngriki menang pamoelangan, ingkang perloe: seminarie lan philosophie.

Bokmanawi wonten ingkang ngandika: „Pantjèn wong Djawa ikoe moela wiwit bijèn wis ngojod lan moela njata akèh sing pada pinterpinter, moelané ija angèl enggoné mertobat". Oepamia njata mekaten, malah saja mapan, katechistipoen oepamia soewaoe sampoen wonten, inggih kagolong tijang gemblèngan, awit jèn boten makaten, tertamtoe boten wani mengsah tijang pinter waoe.

Déné ngojodipoen, lakar sampoen sami ngenggèni, malah poenika kénging kanggé landesaning para catechist; mesti kémawon kaanggé sasampoening mateng pasinaonipoen bab agami.

Koela sadaja sampoen anggadahi sandjata pamoengkas, manawi wonten béka-rentjana, i.p. sarana koran kita „Swara-Tama", kita saged nanggoelang panglawaning mengsah.

Sapoenika Catechist, kita dèrèng anggadahi sèrep, malah djangkep kémawon noen inggih dèrèng. Mangka *poenika baoe-tengenipoen* para Rama Pastoor. Langkoeng-langkoeng ing papan ingkang saweg nembé karawoehan Rama Pastoor énggal, oepami: Lazaristen, Carmelieten, Kruisheeren lan sanèsipoen; ing ngrikoe betah sanget katechist, minangka penoendjoek djalaning Rama Pastoor.

Inggih leres ing poendi - poendi panggénan sampoen katah prijantoen goeroe oetawi sanèsipoen, ingkang sampoen dados warganing Pasamoean Soetji; nanging kabekta saking koewadjibanipoen pijambak, oetawi saking padamelan gesang oemoem (leven in de maatschappij), boten wonten wekdalipoen malih kanggé njambi pakarjaning catechist; oetawi malih salira sampoen sajah, mila inggih ..............[3])

Poenapa prijantoen goeroe boten wonten ingkang nindakaken makaten? O, inggih wonten, malah wohipoen inggih saé. Dasar poenika ingkang dados idam-idamaning missie. Ing ngriki boten koela seboetaken sinten ingkang nindakaken poenika, oetawi ing tanah poendi? Awit mindak adamel mongkok lan oemoek; mangka **oemoek** poenika pirantosing éblis-lanat ingkang kagolong ambebajani.

Menggah ingkang koela atoeraken ing ngriki, pandjenengan tertamtoe boten badé kekilapan, poenapa ingkang dados ngesing manah koela. Saja katah tjatjahing catechist, saja gampil pentjaring pangandika Dalem G. Allah; inggih saja gampil marginiing **pamartobat,** ingkang badé adamel renaning penggalih Dalem Sang Maha Gesang.

Pramila poenapa awonipoen, manawi ing ngrika oetawi ing ngriki (ing papan ingkang katah sadèrèkipoen Katholiek), dipoenwonteni pasinaon catechist, ingkang toedjoenipoen ambantoe pakarjaning Rama Pastoor. Semanten waoe manawi boten kawratan kalih-kalihipoen i.p. ingkang moelang toewin ingkang dipoenwoelang.

Koela mireng slenting-slenting ing Ngajodja sampoen dipoenajati pasinaon poenika, malah sampoen madeg mèh $1\frac{1}{2}$ taoen; nanging moeridipoen saking pamireng koela pijambak sami kirang madjeng. Tandanipoen ingkang mlebet, saben dong woelangan boten patos katah. Katah-katahipoen kalih pratiganipoen, malah sok namoeng sepalih kirang.

Wah, éman-éman sanget sadèrèk, manawi boten saged sempoeloer saé! Ènget, ènget, lo, baoe-tengen, baoe tengen lo, poenika. Malang, Blitar, Soerabaia, saantéronipoen; Kedoe, Magelang, Banjoemas etc. etc. sadaja dèrèng wonten, sadaja sami mbetahaken.

Soemangga sami dipoensesoewoen, sadèrèk, soepados katah ingkang tinimbalan dados catechist, minangka kamadjenganing Missie, anggampilaken wijaripoen kraton Dalem.

Mertagati.

[1]) Missie ing ngrikoe langkoeng sepoeh tinimbang ing tanah Djawi; pakarjaning para Imam langkoeng mligi tinimbang ngriki; tjatjahing Imam ing ngriki, ingkang makarja toemoedjoe dateng tijang priboemi pinten? Red.

[2]) Tjatjahjng Cath. ngriki menawi badé katoetoetaken ing ngrika kadoegi radi rekaos, djalaran Cath. ing ngrika langkoeng sekedik ragadipoen. Red.

[3]) Para sadèrèk sampoen klintoe tampi: katahing Cath. boten babar pisan njoekani kalonggaran dateng prijantoen goeroe njoeda actie-nipoen! Red.

## VARIA

**Sad. Bratasoehardja, Sw. T. No 15.**

Demen moendoet priksa, sadoeloerkoe sidji-ki!

Sad., idjengandika ngertos „pantoen-basan" Landi: een gek kan meer vragen dan tien wijzen kunnen antwoorden? É, njoewoen ngapoenten lo? tijang poenika menawi sampoen klangkoeng tjingkré, lha wong badé njaosi wangsoelan kémawon ndadak mawi ngrètelnggretèl!

Pitakèn I, koela gentos njoewoen priksa roemijn: Poenapa tw. M. anggènipoen kadenda *mligi* anggènipoen ngabaraken barang njata? Mligi, lo! Djenèh djoeroe kabar koklok-koklok!

Pitakèn II lan III, katjekak: sinten ingkang nanggel artikel-artikel.

Rak inggih ta noen?

Makaten: sadaja artikel ingkang nanggel isi lan polisènipoen angka setoenggal inggih ingkang ngarang pijambak. Koela matoer: angka 1, sebab saben wonten artikel dipoenentjoep politie, poenika ingkang dipoenprakawis boten namoeng panjerat tok, nanging inggih Red. lan ingkang ngedalaken (Uitgever). Namoeng poenika boten ateges, bilih menawi panjerat dipoenrangkèt, Red. lan Uitgever *temtoe* toemoet dipoentangsoeli! boten. Djalaran poking prakawis wonten ing pitakèn tiga ngandap poenika:

*a*) sebab lan apa karepé panoelis noelis kang kaja mengkono?

*b*) sebab apa Red. matjak artikel kang kaja mengkono?

*c*) sebab apa Uitgever njebaraké artikel kang kaja mengkono?

Sad. kinoermatan priksa, bilih wangsoelan saged béda-béda. Mila saged oegi ingkang satoenggal dipoendjiret, satoenggalipoen shimmyoetawi charl éston- oetawi step-, heeby-jeeby-oetawi blackbottoman wonten ing soooooos! *Pramila.*

## NALAR NJOEWOEN MINDAK, RAOS RADI KASOEDA!

Koela kèngetan tjarijos ing babad: Praboe Jacobus II, nata Inggris, dedreg paben kalijan ..... Rama Bellarminoes, djedjempoling theologen djaman samanten. Sareng kaseser (tijang kaseser poenika ratjakratjak lingsem!), nilar pajoedan, boten margi kawon, nanging ..... ngendikanipoen margi pandjenenganipoen boten soedi mengsah tijang ingkang menggahing kadradjadan wonten ing ngandapipoen kepara ngandiep!! — É, tanah sanès kok inggih wonten kados makaten.

Kabar sangké: ndara Kangdjeng ing Probolinggo njebar sirkoelèr, dateng para poenggawa bawahipoen, ngitjali sembah (manawi para prijantoen bawah waoe boten tegel ngitjali sembah-babar-pisan, tjekap kaping kalih, i.p. wiwit lan ngadjengaken moendoer); kénging pantalonan, nanging kedah nganggé oedeng.

Lha dipoenkritiek ta makaten déning Dr. Soetama. Soeraosing kritiek: éwah-éwahan sembah ingkang kados makaten, ing Mangkoe-Negaran sampoen dangoe wontenipoen; mila ndara Kangdjeng waoe kawastanan boten priksa ombjaking ndjawi. Bab nemtokaken nganggé oedeng, ndara K. dipoenkritiek: sasat ngoengkoeli G. G. pangoewaosipoen ingkang Boepati.... Lha ingkang Boepati semoenipoen inggih radi keseser, nanging rembag kersanipoen kasigeg, djalaran.... pandjenenganipoen menggalih kinggilen jèn ta taksih badé mbalesi kritiekipoen Dr. Soetama. — Lho, poenika ta Sad. Soetédja, jèn tijang rembagan boten ngintjeng dateng njata-botening prakawis (objectief), nanging nggega raos (subjectief)!! Toer poenika mangké, soekoer jèn boten, haloean ingkang Boepati lan haloean Dr. Soetama, manawi inggih ladjeng intjengintjengan .......

Rèhné kagebag ratjak, sadèrèk Djawi taksih kekatahen anggènipoen nggega oesiking raos tinimbang nalar, mila oepami wonten éwah-éwahan onderwijs systeem makaten kados perloe dados rembag, systeem kados-poendi ingkang kadoegi saged— sokoer ngitjalaken, botenipoen inggih njoeda watek kita, anggènipoen kekatahen noeroeti raos tinimbang nalar, ngantos nalar padang asring kapeksa nisih, djalaran raos kedah menang.

### Kapertjajan.

Rembag kapertjajan ramé! Péhak Pangerèh kawedal ngandikanipoen, jèn ngoedi soepados kapertjajaa (malih!) déning para kebawah; lha dados lan tjelanipoen, sabab ladjeng kawastanan dépé-dépé, ngempèkempèk manah.

Ingkang kebawah, rèhné dipoenpadosi „pertjajanipoen", sadaja[2] ingkang katindakaken atas asmaning Pangerèh, lan boten dados manahipoen sad. kebawah, dipoenbengoki: éééé! djarénè golèk dipertjaja, lha kok...!

Sanadjan boten trep, dadosing memanahan radi wonten gatoekipoen kalijan ingkang mentas kamot ing serat kabar Landi De Nieuwe Eeuw, 7 Mrt. 1929. Panjerat boten pertjaja dateng staatsman satoenggal-toenggala. Ladjeng pitakèn, kedah kadospoendi soepados staatsman kénginga dipoen „pertjaja". Dipoenwangsoeli pijambak, makaten:

I. Staatsman kedah kénging kapitados (pitados oetawi ngandel béda kalijan pertjaja, noen!), kedah setya dateng dedasar sarta kaantepanipoen ingkang sampoen genah dipoenakeni, sanadjan pijambakipoen, tanahipoen oetawi partijnipoen badé manggih reribed margi setyanipoen.

II. Manawi pamanggihipoen (opinie) saèstoe éwah, inggih blaka bilih pamanggih éwah, lan malihipoen pamanggih sampoen kados Mussolini, ingkang sadinten ngadjengaken pilihan (wetgevende verkiezing) sandjang tenan-tenanan manawi boten badé dados sawoeng, éndjingipoen dawoeh soeka kabar, manawi èstoe madjeng, ngantos njonjah djoeroe seratipoen kanti tjingak pitakèn: „Lho, lha wingi ....? Nanging Mussolini kalijan étja mangsoeli: „Jah, wingi wingi, saiki saiki!"

Ha, rak mbibrah kéblat, poenika! Ning tindak kados makaten, angger resiking manah boten kapaèloe, mèh kénging katemtokaken wonten! Mangka manah resik poenika djanggelan angka satoenggal moerih tentreming manoengsa. Manah resik poenika saben tijang ngadjèni; manah resik dipoenendel ing sanès. Mila, sadèrèk Katholiek, kéngang-kénging kémawon molitiek, ning ingkang ngregedi manah poenika mbok inggih dipoensingkiri.—Poeloeh dipoenalema, dipoenoemboel-oemboelna ing tijang sanès, manawi koerban tentreming manah, mbok inggih sampoen! Politiek ngregedi manah poenika politiek ingkang boten tjotjog kalijan kaantepan kita.

Pandjenengan ngertos tjarijos martobatipoen Santo Andreas Corsini?

Pandjenenganipoen advocaat. Saweg tindak-tindak nglangkoengi grijanipoen tijang ingkang saweg nggiring babi (inggih babi-babi sasaèstoe poenika!) dateng kandangipoen alijas saweg ngandangaken babi. Babi nakal, ndadak pepladjengan poenapa. Pak babi moering, temboengipoen: „Troondolo! ki! lha-ong kon toeroe wé kok ndadak blèndèran! ajo troond ..., gèk blang-bleng kaja advocaat-advocaat nggoné pada ketjemploeng nraka ....!

St. Andreas kagèt mireng, lan saladjengipoen tansah kèngetan kémawon troondolonipoen pak babi.... Tilar advocatan... dados Imam..., dados Santo!

Sampoooooen! Nalar PADANG lan manah RESIK, poenika lok-éling koela dinten poenika.

PRAMILA.

### Rembagipoen Klentreng.

*(Redactie geheim)*

**Gotang:** Dongé bab Journalistiek akoe ja wis marem samana baé. Nanging saiki kepeksa teroes anggoenem koewi manèh, jaikoe gajoetan karo patanjané sir Bratasoehardja ing Sw. Tm. no. 15.

**Klentreng:** Lah, engko ndjoer ora wiwit-wiwit ngepran?

**Gt.** Ora dadi apa. Saiki toemrap ptanjané sir Br.soehardja kang no. 1, kprijé moenggoeh ing kowé?

**Kl.** Tjekaké patanja maoe ora arep dak wangsoeli mbaka sidji, ning baé akoe arep ngandar satitik bab „Redactie-geheim", bokmanawa bisa agawé pamaremé sir Br. kaseboet. Tjoba dakwiwiti: Redactie-geheim (wadining Redactie?) jaikoe: ora kena noedoehaké djenenging wong kang ngarang ing lajang kabar nganggo djeneng sesinglon (pseudoniem).

**Gt.** Lo, apa wet ija nglarangi ngono?

**Kl.** Prakara ikoe ora dilarangi déning wet! Saoepama kowé dadi Redacteur, bandjoer digoegat ing wong marga artikel ing lajang kabarmoe, ikoe jèn kowé arep noedoehaké djenengé si pengarang sing sedjati, nèng ngarepaning pangadilan, (oetawa saenggon-enggon) ora ana alangan.

**Gt.** Ah, ning jèn dakpikir-pikir dawa, kok ora oeroes kelakoeané Red. kang mengkono, awit jèn wani matjak artikel-artikel, ija wani nandang risiconé, dadi ora éñaké déwé.

**Kl.** Bener! Djeneng singloné pengarang ing lajang kabar ikoe dadi tanggoenganing Redactie. Dadi sanadjana apa baé, Redactie ora kena medaraké singloning pembantoené, sanadjan bab ikoe bisa gawé tjilakaning Red. oetawa diantjam ing bebaja, bakal dioekoem abot ing pangadilan, kang djalaran ngemot

## PANOENTOENING LARÉ.

*Sambetipoen Sw. Tm. no. 17.*

poehan, awit sampoen ngretos ingkang kedah dipoentindakaken. Menawi boten dipoenwiwiti kala alitipoen, ing béndjingipoen badé tansah kidoeng. Mila laré prajogi kaoembar, angraosaken kamardikanipoen.

Katimbang namoeng mbangoenmitoeroet, langkoeng saé bawa pijambak. Goeroe namoeng kantoen angengèn salakoe djantraning laré. Toedjoening panggoela-wentah damel soepados laré boten patos mbetahaken pitoeloenganing tijang sanès.

Mila inggih mekaten, laré kagadang-gadang saged bawa pijambak sarta boten betah sinten-sinten poenika, toedjoening panggoela-wentah. Ananging toemindakipoen nggégé mangsa, ngroemijini wekdal poenika kirang prajogi. Mekaring sekar-sekar poenika wonten mangsanipoen, menawi dèrèng doemoegi wekdalipoen dipoendamel mekar, inggih kirang saé. Mekaten oegi laré, sagedipoen ngretos koewadjiban inggih kedah ngentosi menawi sampoen doemoegi titi-mangsanipoen. Mila sadèrèngipoen doemoegi wekdalipoen laré ngretos koewadjiban, kedah katoentoen sampoen ngantos dipoensekadjeng, mindak woeroeng dandosan. Malah-malah laré kedah tinangsoelan ing pepatjak sarta wewaler. Prekawis kekalih ing nginggil poenika boten kénging namoeng mandeg tetemboengan, ananging kedah kagantoengan gandjaran sarta paoekoeman. Déné kanggénipoen laré, pikadjenganing djoeroe mardiséwaja waoe dadosa pepatjak sarta wewaler. Sinten ingkang noeroet, nama mitoeroet pepatjak, sinten ingkang wangkal, mbangkang, tetep nradjang wewaler. Moerih ginoegoe sarta tinoeroet temboengipoen boten oesah tjrijos dateng laré, menawi mekaten waoe dados wadjibipoen, awit badé tanpa gina. Laré dèrèng saged mangretos ingkang kados mekaten waoe. Srana ingkang pikolèh pijambak inggih poenika prebawa. Namoeng prebawa ingkang saged mrantasi prekawis poenika. Sampoen tjeta goeroe ingkang gadah prebawa, dipoenadjrihi moerid, sedaja préntahipoen boten oesah kinanténan katrangan. Ingkang mekaten waoe toemindakipoen ngerèh laré dados majar, lan malih laré boten gadah gagasan mbagoegoek, wangkot, noeroeti senengipoen pijambak. Menawi wonten laré badé gadah tindak ingkang kirang prajogi, goeroe oetawi tijang sepoeh ingkang gadah prebawa tjekap ngémoetaken nganggé temboeng saketjap: „adja." Laré terkadang sampoen bingoeng pendirangan semoe adjrih. Awit déning kawon prebawa wontenipoen namoeng saaksara manoet.

Wiwit dèrèng oedoer, dèrèng saged nganggé pikiranipoen. Déné toekoeling pangangen-angen, saged ngraos-ngraosaken, poenika kedah dipoentanggapi, liripoen kala-kala dipoenterangaken preloening pakènpakèn, oetawi wewaler lan sapanoenggilanipoen. Ananging sadaja katerangan waoe badé sekedik ginanipoen, samangsa boten wonten prebawa.

BAB X.

**Dedasaring laré.**

Wonten satoenggiling sardjana, ingkang gadah pemanggih bilih laré poenika sami kadoenoengan dasar saé. Moeloenging raosipoen manah inggih boten dateng piawon. Menawi laré wiwit alit tansah dipoendjagi moerih boten kénging sawaning piawon, dinten-dinten kapoeloesara ing bijoeng ingkang ngretos ing bab panggoela-wentah, sarta malah dipoentoentoen ing djoeroe mardi séwaja ingkang linangkoeng, wewahwewah kapisah saking sadaja ingkang nggegèndèng dateng ingkang boten leres, temtoe ing tembénipoen saged dados pepetinganing manoengsa. Kados-poendi sagedipoen dados awon, tijang boten naté njipati ingkang awon. Manahing laré kénging kasamèkaken kalijan petamanan ingkang rinapetan broekoet, ingkang tinanem ingrikoe namoeng ingkang sarwa saé, déné menawi wonten tetoekoelan sekar ingkang awon temtoe inggih saking sadjawining pager.

Bab leres lepating pamanggih waoe koela soemanggakaken para maos. Menawi koela sami ningali kawontenan ing sadinten-dinten, laré poenika dedasaripoen boten moerni,

artikelen sing nglanggar wet, oetawa ngritik wong persoonlijk.

**Gt.** Èh, ora baèn-baèn ja aboté wong dadi lid Redactie! koedoe ngerti warna-warna barang. Meng! akoe.

**Kl.** Moela abot tanggoenganė. Lid.-lid ing Red. ikoe dadi pamonging lajang kabaré, lan diandel banget déning para pembantoené lan publiek! (Dadi koedoe kena dipretjaja, tjara L Sa-Kersa; koedoe doewé karakter sing kempliiing).

Jèn Red. mboekak djeneng sedjati saka pseudoniem, ikoe o r a k e n a d i p r a t j a j a ! Publiek bakal bengok-bengok: „Galo dapoeré Journalist asor, tanpa doewé moraal!" Memelas. Mangka jèn wis mengkono, publiek ndjoer ora pertjaja manèh! Sekali lantjoeng keoedjian, seoemoer orang tak pertjaja. Moelané kena diarani jèn saben Red. mesti setya netepi wadjibé, awit ja koewi maoe, ngèlingi adjining diri pribadi!

**Gt.** Nanging sok ana sawidjining id Red. sing wedèn, marga bakal kleboe ing hotèl predéo, oetawa........ wah........ dibeseli........ ndjoek tjoel ngandakaké djeneng sedjati. Hara pjé, nèk ngono?

**Kl.** Kantja lid Red. lijané mesti pada ngarang ora patoet dadi lid Red. moelané prajoga:...... tjara dinesé: Eervol ontslag wegens........

**Gt.** Lah jèn kira-kira Red. roemangsa koewalahan matjak artikel saka pembatoené, engko gèk — gèk, ndjoer apa ja ora dipatjak baé?

**Kl.** Ngéné: Red. bisa remboegan karo pengarangé, jaikoe artikel maoe dimot nganggo tanda: „Serat kintoenan", tegesé ora katanggoeng Redactie. Jèn artikel maoe ana sing nggoegat, lan djenengé pengarang nganggo singlon, Red. kena noedoehaké sapa wongé sing ngarang artikel maoe, ing ngarepaning pangadilan. Iki ora apa-apa, djer sipengarang déwé sing tanggoeng.

Loemrahé jèn artikel maoe n j a t a t e n a n lan migoenani publiek, kajata kritiek (kritik lo kritik, dus doedoe pangala-ala) marang sawidjining amtenar B.B. oetawa lijané, sanadjan prakara maoe bakal amboentoet arit, Red. ora wedi-wedi matjak atas tanggoenganja, djer: berani karena benar! Jèn Red. djirihan, adja dadi Red. baé, awit pretjoema! Ngladèni publiek moela angèl, lan koedoe nganggo k o e r b a n.

Wong arep madjoe perang koedoe mandi pedang.

Jèn ngritiek wong (emboeh Djéndral belang, emboeh sapa!) sing perloe déwé **boekti-boekti tanda jekti**. Manawa mengko sing dikritik nggoegat, sipengritik bisa noedoehaké boekti-boekti ing sangarepaning pangadilan. Jèn moela njata mesti menangé. Bisa oega kritiké njata, nanging nganggo diboemboni pangala-ala sing persoonlijk banget, *) toer ja ora waras (tidak sehat), lah koewi jèn kena delict, doedoe k r i t i k é s i n g n j a t a, ning „e n g g o n é n g a l a - a l a".

**Gt.** Apa Journalist koewi kena nganggo singlon sagelemé baé?

**Kl.** Sakarepé kena! Ana wong ngarani jèn ... nganggo djeneng singlon tanda ... penakoet, tidak brani toendjoek diri. Iki loepoet! awit lajang kabar ora pada karo lajang boedeg (soerat kaléng). Enggoné nganggo djeneng singlon ikoe: nijat gawé kabetjikan srana toelis-menoelis, toemrap publiek, nanging *emoh* diweroehi: sapa dèké! Kaja wis tjoekoep saménéné baé!

**Gt.** Engko sik. Akoe arep takon jèn télgram pakabaran kanggo pèrs, ikoe prijé?

**Kl.** Disiké pembantoe koedoe ngerti: apa pakabaran maoe moela p e r l o e b a n g e t dikirim srana télgram apa ora. (zie instructie-né lajang kabar sing dibantoe). Déné ragadé kirim tlégram moeng $20^0/_0$-né ($^1/_5$) t l é g r a m l o e m r a h! Sanadjan pers-tlégram maoe ora dipatjak, pembantoe olèh liroe ragading kirim. Jèn dipatjak, kedjaba olèh idjol ragad kirim, isin olèh manèh premie (honorarium). Déné kèhing premie goemantoeng marang penting lan orané kabaran maoe.

Wis saméné disik, lija dina diteroesaké olèhé remboegan.

AKSAMANTA. *Pinggir Mrawoe.*

*) oepama prakara privé. P.M.

## SINTEN KAGOENGAN.

ARCHIEF Swara Tama mbetahaken sanget Sw. T.:

taoen II, No. 11, 14, 15, 16, 18, 19, 21

taoen V, No. 18

taoen VI, No. 1, 2, 3, 36, 49; ingkang poenika menawi wonten prijantoen ingkang kagoengan sarta kersa maringaken, inggih sanadjan namoeng salah satoenggaling No. ing nginggil poenika, badé ageng pitoeloenganipoen dateng Sw. T. lan Sw. T. inggih badé ageng atoerpanoewoenipoen ADM. SW.T.

# KOEROE SÉTRA.

### Film Indonesia.

Ing wekdal poenika wekdal kamadjengan, kilap medal babagan economie, agami oetawi margi sanès anggèn kita badé ndjoendjoeng dradjading bangsa kita: makaten kirang langkoeng pertalanipoen punt saking orgaan Jong Java ingkang mranani sanget dateng manah koela. Bregas, bagoes. Juist, itoe dia!! Njawang Indonesische bewegingen, koela ragi ana-ini déné sadjak kirang nggapé, kirang migatosaken babagan economie; loo, loo, tandané apa? Rak wis ana Nationale Bank! Apa koewi ora mratandani jèn oega nggatèkaké bab economie? Leres, sadèrèk! Pandjenengan temtoe taksih kèngetan film. 1e. bedrijf. Filipina — Indonesia. Katah para leiders ingkang ngantepi, jèn wis olèh kamardikaning foelitiek-economie kari ngetoet boeri — sing perloe didisikaké foelitiek!! Bintang Timoer ngadjak toemandang sesarengan inggih foelitiek inggih economie. B. T. mila katingal merlokaken dateng prakawis economie. Sw. Tm. kados-poendi? Kados pandjenengan sampoen boten kekilapan. Pantjèn kita kedah ndandosi economie kita; djer poenika soekmaning kamadjengan lan bangsa. Economie saminipoen kasarasan: sanadjan tijang pinter jèn kerep sakit . . . , sanadjan bangsa . . . jèn economie . . . mangka bangsa kita Indonesiers.... inggih.... inggih economie; saja-saja economie karohanèn! Saja memelas malih. Saged kita ndandosi economie kita kanti rantjag, kita roemijin kedah ngadjengaken tetanèn kita. Langkoeng-langkoeng tetanènipoen tijang Djawi, ingkang memelas sanget, margi saking sakediking tanah, mrijeling tjatjah djiwa, wewah-wewah katahing ondernemingen. Saged kita ngadjengaken tetanèn, srana warni-warni. Kangdjeng Goepermèn oegi boten kekilapan bab poenika: katitik anggènipoen jasa landbouwscholen; wiwit saking Bogor doemoegi ingkang alit: ing padoesoenan. Nanging kados-poendi, poenapa sampoen wataking bangsa kita, langkoeng remen dados kaoem berah (arbeiders) tinimbang tetanèn katanda anggènipoen mlebet ing . . . landbouwcursussen ing padoesoenan, gadah pangarah soepados saged dados mandor . . . , sareng boten kadoemoegèn . . . inggih boten padjeng èstoe. Kita kedah boten kénging telas pangadjeng-adjeng kita ingatasing prakawis waoe, kedah teroes. Soedara Goeroe, langkoeng-langkoeng ingkang ngasta angka kalih (langkoeng-langkoeng malih angka kalih ingkang wonten ing doesoen) lan sadèrèk goeroe doesoen, sampoen ngétja; émoet loo jèn pandjenengan poenika volkleiders ingkang kedah wonten ing ngadjeng; koela atoeri noeloengi bangsa pandjenengan. Poenggawa doesoen oegi sampoen ngétja-étja; prijantoen B. B. ingkang actief anggèn pandjenengan ngadjengaken tetanèning bangsa kita. Saiba ta saénipoen, oepami kaactivaning kadang kita Indonesiërs anggènipoen ngadjengaken tetanèn sami anggènipoen propaganda foelitiek. B.O. afdeeling Banjoemas gadjegipoen kerep mblasak-mblasak padoesoenan — P. f. — Tetanèn sampoen kasoepèn. Kita inggih saged ngadjengaken tetanèn medal pers — srana ngedalaken pers kanggé tijang Tani —. Tijang Djawi sadjak inggih sembrana malih —. Poendi pers Tani Djawi? Gadjegipoen B. O. badé ngadani kanamakaken „Adil para marta". Kèndelipoen sad.: R.M. Soedaria Tjokrosiswara saking Hoofd Red. Darmakanda, gadjegipoen badé nandangi „Adil para marta" orgaan tani. Wadoeh, djenengé nèh, olèhé ndjlonèt, ngebak-ebaki papan.

Sadèrèk serat kabar tani sanès Djawi sampoen katah; oep.: Swara Tani; Soerat Chabar Tani; Pemimpin Tani; Soeloeh peroesahaan Tanah; Tani Maloeka l.s.p. Tetanèn poenika pantjèn perloe dipoenadjengaken; boten kénging kita tilar. Soedaning kasoegihaning tanah Frankrijk inggih margi moendoering tetanèn, ingkang tijangipoen ladjeng dados krija. Koela atoeri mriksani „Lanquedoc" ing saoeroeting lèpèn Rhone. nDedeling kasoegihanipoen tijang Sumatra inggih margi madjenging tetanèn.

Jèn tetanèn kita boten madjeng, nanging malah moendoer; langkoeng remen dados kaoem berah tinimbang tani, koela ambak-ambak ragi ngoewatosaken tembé wingkingipoen bangsa kita, bangsa Djawi, bangsa Indonesiërs; temtoe nggadahi watak kesèd, sembrana, lan ingkang moeta-watosi temtoe ladjeng saja katah panetjeping ilmoe So-ci-a-lis-me sakomplotipoen pisan.

Saoedara, koela atoeri noeloengi bangsa pandjenengan. „Bevordert Uw landbouw, opdat uw aanzien, vermeerdere!" Doemoegi samanten roemijin. HERCULES.

### Kraos ing manah.

Nalika koela wonten laladan Magelang, wonten parepatan debatingclub naté mireng sesorah ingkang ngrembag begdja-tjilakanipoen sad. Djawi! Déné wosing sesorah jèn boten klèntoe wawaton:

a. Kemlarataning sad. Djawi!

b. Tradjangipoen panoentoen kita Djawi.

Ing dalem sesorah babar pisan boten njempèd dateng sad. asing. Amargi kadjengipoen pamedar sabda, namoeng badé ngolak-alik koetjiwaning sad. (oegi koelit daging pijambak) roemijin!!

a. Wonten bab kamlaratan, nerangaken sabab-sabab ingkang toewoeh saking klintoening pamilihipoen prakawis soenat lan preloe; (pengadatan, tata-tjara lan naloeri goegon toehon).

1e. Pengadatan; katah-katahipoen sad. Djawi taksih kirang ngaosi dateng sad. pijambak; kosok-wangsoel keladoek koermatipoen dateng sad. mantja. Ngantos doemawahipoen dateng ingkang kinoermatan, sadjak malih dados kalimrahan (gewoonte).

2e. Ing bab tata-tjara, ingkang dinoemoek, babagan pangoepa-djiwa; anggènipoen ngoepados lan mboetjal boten soemboet, katitik saking katahing moga ingkang noentoen keborosan.

3e. Naloeri! Margi kesangeten ngoegemi naloeri, ngantos boten tolèh dateng ketatalan lan koepija. Bab poenika pitoeninipoen, ndjalari kirang réka, kirang moebed nalaripoen.

4e. Goegon toehon. Saben bangsa gadah goegon toehon; nanging sadèrèk koela pijambak sapérangan ageng soegih sanget goegon toehon! Éngga saged ndjalari boten poeroen (angèl poeroenipoen) ngenggèni nalar ingkang njata, maton katrangan, oet. boektinipoen. Awit prakawis waoe ladjeng boten ketingal gaib oet. élok!

b. Dateng para pangadjeng.

ngGepok pangowel, déné ingkang dipoentindakaken prakawis-prakawis, ingkang boten laras lan dadar palèlèranipoen sad. Djawi ingkang katah-katah. Malah-malah ing semoe ngagem wewaton salira pribadi, ingkang babing angen-angen lan pangraos, sasat sampoen boemi langit tandingipoen. Makaten poenika manawi boten dipoenèngeti, langkoeng² jèn panggarapipoen dateng sad. Djawi kados satjaraning tindak ing tanah ingkang mentas dipoenangsoni, sanadjan njata tjeta boten kawon wanter jèn sami déné ginagoelang; koela doegi badé ngalamati dangoe oetawi boten kadoemoegèn ing sedyanipoen (sesepoeh kita Djawi tilar toetoer makaten: **Kesoesoe ora énggal rampoeng, saja kesoe saja ora rampoeng** oet. soewé rampoengé).

Mila boten kirang-kirang ingkang sami katjelik sedyanipoen, djalaran tjaking mardi bangsa, kados déné moelang petjahan dateng moerid pangkat I ingkang larénipoen katah-katah sami oemoer 6 taoenan! Katah kémawon, panoentoen ingkang loegoe saé oetawi adil, doemadosipoen awon oetawi dipoenanggep boten-boten, awit déning katahipoen ingkang seling serep (dèrèng nampi).

***

Panoetoepipoen mawi nggambar t. Djawi kados déné: „grija gedong magrong-magrong, saka rawa lan èmpèran sami koekoeh abakoeh, nanging sakanipoen bakoe (goeroe) woedjoed kadjeng doerèn (taoen) ingkang sampoen tètèren."

Sasampoening damel pasemon, ingrikoe mawi ngadjap ingkang wosipoen tjotjog lan gregeting manah, sarta noemoesi sanoebari koela andajani damel temboeng ingkang koela anggé titeling seratan koela nginggil, makaten:

„Manawi para pengadjeng kita boten kersa santoen salaga, moelat dateng bab-bab ingkang timbang lan kabetahan kita sad. katah, dinoegi salaminipoen sad. Djawi badé adjrih dateng djas, tjelana lan sepatoe, tanpa katrangan ingkang absah; oetawi tijang pantalon lestantoen kaanggep loepoet sendjata oewa!"

Atoer koela borong para maos!

BAJOEWARA.

## ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

### Artikel 153 bis, 153 ter, 161 bis ing Ind. Strafwetboek.

Mr. Sartana amastani artikel poenika, artikel karèt. Anggènipoen mastani makaten waoe margi saking ngandikanipoen (artikel 153 enz. waoe) kénging dipoenoeloer-oeloer manoet sakadjengipoen poelisi. Prakawis ngandikanipoen Mr. Sartana ingkang makaten waoe, toemrapipoen koela katah èmperipoen. Boten maiben manawi kaoem kabangsan saged moengel makaten.

Salebetipoen woelan April kapengker, P. S. I. Pekalongan ngawontenaken konggrès openbaar. Konggrès waoe boten saged teroes; kapedot wonten tengah-tengah. Poenapa sebabipoen??? Tjobi koela petikaken verslagipoen kaseboet wonten B a h a g i a tanggal 29 April.

„( . . . . . ) Diterangkan olih lebih doeloe (olih toean Soerjapranata) artikel 161 bis. Oleh spreker dikatakan jang ini artikel ada sempit sekali bagai pergerakan Indonesia. Djanganpoen dengan terang-terangan, tetapi baroe beroepa s i n d i r a n sadja, orang soedah kena didjeratnja ini artikel. Hoekoeman ada mengantjam 6 taoen kepada siapa jang melanggar ini artikel.

Bagai Pemerintah sebetoelnja djikalau ada p o l i t i e k e o p l e v i n g, itoe ada lebih baik, sebab dengan begitoe bisa diketahoei kehendak rajat.

Spreker tjeritakan koetika pimpin vergadering P. P. P. H. jalah perkoempoelan jang meremboeg sesoeap nasi sadja, dari fihak politie soedah diadakan atoeran-atoeran roemah orang dimana spreker ada mondok, ada sangat didjaga.

Pendjagaan itoe haroes dan misti dilakoekan, djikalau ternjata orang tadi maoe mengamoek.

A d j u n c t h o o f d c o m m i s s a r i s van Politie p e r i n g a t k a n j a n g s p r e k e r b e r b i t j a r a t e r l a l o e k e l i w a t.

Spreker laloe menerangkan, ambil tjonto dalem ini vergadering jalah soedah dapat tegoran politie.

P e m b i t j a r a a n k o m b a l i d i p e r i n g a t k a n. Toean Soerjapranata laloe bertanja kepada Adj. Hoofdcommissaris, kena apa membitjarakan tentang ini perkara sadja, soedah dapat tegoran, jang didjawab bahwa apabila spreker maoe minta keterangan, bolih datang dibureau politie sebab disini boekannja tempat berdebat.

Spreker kemoedian laloe voorstel soepaja vergadering diboebarkan sadja. . . . ." Parepatan èstoe kabibaraken.

Nalika koela maos verslag ing nginggil, manah koela boten anggrendjel poenapa-poenapa.

Ladjeng koela maos verslagipoen openbaar vergadering P. P. P. K. I. Betawi ingkang oegi angrembag artikel kaseboet nginggil. Ing parepatan ngrikoe wonten prijantoen ingkang anggènipoen ngétjé Nagari (gandèng kalijan rembag kaseboet), langkoeng sanget, langkoeng pedes tinimbang ing Pekalongan. Éwadéné politie namoeng kèndel kémawon, boten njabawa poenapa-poenapa!

Ing ngriki ladjeng tétéla bilih pangertosipoen *) poelisi Pekalongan kalijan Betawi toemrap artikel kaseboet, boten sami.

Babar pisan koela boten njantoelani tindakipoen poelisi. Koela namoeng g o e m o e n déné pamoendinipoen poelisi toemrap artikel waoe wonten ngrika lan ngriki boten tjètjèg! Poenapa prakawis poenika margi saking kirang mangertosipoen, poenapa saking pantjèn margi artikelipoen (kaanggé) mengeng.

Atoer koela ing nginggil boten ateges koela najogyani itjaling artikel poenika (zie Filmipoen dimas P r a m i l a ing Sw. T. no. 17). Koela namoeng anggadahi pangadjeng-adjeng soepados pamoendinipoen poelisi dateng artikel waoe sasaged-saged sageda sami; manawi ngriki keras, papan sanèsipoen inggih makatena. Sampoen ngantos ngrika lembèk ngriki keras. Sampoen ngantos temboeng oet. pasemon ingkang sami tegesipoen wonten ngriki sinaroewé, wonten ngrika boten.

Pandan Wangi 26 Mei.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

*) Pangertosipoen poenapa anggènipoen nindakaken, ingkang boten sami? Red.

## OERAP-SARI.

### Warna-sari saking Bandjar!

*Sad. L. Kapthie ngabaraken:*
*Ombjaking pamoelangan.*

— Meisjesvervolgschool madjeng, sampoen saged nolak moerid 20 margi kirang papan. Goeroe sampoen 3, sadaja saking N.S.

S.I. school oegi madjeng, moeridipoen sampoen atoesan, ndilir saking doesoen-doesoen. Lah poenika wohipoen propagandah giat! Saboten-botenipoen inggih loemajan. Soekoer déné para goeroe-goeroe Missie oegi makaten, sampoen mesti ta!

Ardjoenaschool madjeng oegi. Juli poenika tjalon gadah klas II Indische School (sanès H.I.S.). Ingkang dados moerid warni-warni, Djawi, Tjina . . . . Kabar boten mawi basa Djawi, ning Mlajoe lan Wlandi langkoeng katah wekdalipoen. Sebab poenapa boten kawoelang basa Djawi? Sajang.

*Babagan pakempalan.*

P. N. S. teroes loemintoe gesang. Malah sapoenika bestiripoen ingkang 2 goeroe wanita, i.p. Sekretaris Mej. Soepinah, artana (penn.) Mevr. Soekèsi (goeroe en kepala sekolah Meisjes) P. G. H. B. apa chabar? Bokmanawi badé djenat. É, la, éman-éman timen!

Mardi Santosa saja ndemenakaken, margi wonten djempolipoen Hr. Soeraredja (voorzitter) lan Dr. Kodijat. Saweg ngréka-daja badé ngedegaken grija (of njéwa) kanggé papan panjadéan boekoe warni-warni. Ngentosi kijating kas roemijin.

Kooperatie vereeniging oegi wonten; pangarsa Dr. Kodijat. Jèn kekilak dateng Wanasaba en Poerwokerto. Widadaa!

*Pilihan Kiesman.*

Samangké saweg ramé-raménipoen pilihan kiesman ing doesoen ngadoesoen. Koela naté toemoet nenggani mirengaken sesorahipoen Ass. Wedono wonten ing ngadjenganing kawoela alit,*) soeraos sanget membéla dateng ra'jat . . . Soekoer! Nanging manawi pinoedjoe Komprènsi, oegi makaten sikepipoen??? Walahoe'alam!!

*Kabar bus.*

Wiwit 6 Mei poenika busdienst S. D. S. dipoenwewahi sadjalan malih, dados sadinten saking Poerwokerto—Wanasaba wonten Bus kaseboet ping 3 (wongsal-wangsoel ×6). Busipoen kijat, kampi, penoempang katah; bus sanèsipoen kawon prabawa. Sajang regining kartjis dèrèng kados kartjis tram. Bus S.D.S. saking Wanasaba—Pkt. f 1,46; sareng trèm namoeng . . . . f 0,90. Déné bus sanèsipoen saking Bandjarnegara katah ingkang ngloeroeg dateng bawah Wanasaba. Sabab?

Nembé mangké toekang bus roemaos ngijes, margi tampi aanslag paos per satoenggal bus f 750 (zegge zevenhonderd vijftig gulden). Rak inggih mendeking! Inggih manawi laris!?

*Ketopraaaak.*

Semanget ketoprak ing B. mangoe dèrèng itjal-itjal, sapoenika toewoeh malih kalih panggénan, ing Karanggondang lan doesoen Djenggawoer. Malah Kandangan inggih badé noetoeti, nanging sang penatoes sadjak boten accoord! Soekoer!! Goemoen koela lah wong tijang-tijang ing ngrikoe katah santrinipoen toes . . . en toch?

O, djaman! djamaaan!!

*) bawah o/d Bandjarmangoe.

*Mis Soetji ing Ba.*

Setoe tg. 11 Mei kapengker rama P. J. Scheindel rawoeh Wanadadi, teroes Bandjarmangoe, saking ngriki tindak per-auto dateng Madoekara. Éndjingipoen djam 8 Ngahad II rama njaosaken koerban Mis Soetji ing B. negara, wonten ing grijanipoen njonjah Bloemenwander. Ingkang ndèrèk mis wonten sadèrèk 14 idji (Djawinipoen 7). Bab kawontenanipoen boten preloe katjrijosaken, pèndèk kata: ajem! Rama ngandika bilih saladjengipoen pendak sakwartaal Ba. dipoenwonteni mis soetji. Soekoer!!

Sareng djam 11 Rama per-auto tindak dateng Wanadadi via B. mangoe. Temtoe kémawon L. Kapthie ndèrèk noenoet! Wonten B. mangoe pinarak Kemantrèn sakedap. Saking Wanadadi tindak (kedah darat, margi . . . ) dateng Pandanaroem, minggah sanget, merginipoen boten sakétja, éwa-déné: doedoe apa-apa! Tindak Pandanaroem perloe toewi kang poetra Heer F. S. Darmasoetjipta, soemitra koela ingkang nembé kémawon pindah saking B. mangoe.

Lo, semono katresnaning Pastoer! Apa piwaleskoe?

### Parepatan taoenan V. I. P. B. O. W. oemoem nalika 18-5-1929.

Sad. *C. Ordééka* martosaken:

Parepatan kaseboet, manggèn wonten ing gedong B. P. I. katoentoen

### CORRESPONDENTIE:

Mul. vuif. Soed. — sampoen kawon roemijin.

Samalingkrok — tanpa adres satjetanipoen Red. boten saged njaosi papan kagoenganipoen artikel, oepami artikel waoe pantesa kapatjak.

M. S. Marj. — kersanipoen kados-poendi? mboten katingal ngadjeng-wingkingipoen.

K.W. Semarang — adm. matoer noewoen.

K.W. Ambarawa — oegi katoeran goenging panoewoen; specificatie teksih kaadjeng-adjeng, ndadosaken lan wiloedjengipoen sad. ngrika; sadaja teksih kakintoenan.

K.W. Ngajodja — kados-poendi?

K.W. Bestuur Semarang — paringipoen serat sanget ndadosaken bingahing Red.

### KATRANGAN:

No. 157 — Sampoen dipoentjaosi priksa rambah-rambah! pendjenengan roemijin, mangké ladjeng Adm.

